Lontar drewe Geria Mandhara, Sidemen, Karangasem.
Sane nedunin: Ida Bagus Gede Geria.

## TUTUR MAHAYANA, GERIA MANDHARA, SIDEMEN. 1.

[1a] NAMO BUDDHAYA.

Nihan KALINGA NING ONG AH UNG. Yan pinaka pangadi-sthana umajara kanan bhathara TRYAKSARA. Sira paramartha: Kaya, Wak, Citta, BAJRA ngaran ira.

Ehiwatsa Mahayanem,  mantra sarya nayam widhim,
desayi syamite samyak,  bhajanastwam mahanaye.

SANGHYANG MAHAYANA iki warahakna mami iri kita:

Mantra sarya nayam widhim.

Sanghyang Mantra-Naya sira MAHAYANA-MAHAMARGGA ngaran ira.

Desayi syamite samyak.

Sira teki desanakna mami warahakena mami ri kita.

Bhajanastwem mahanaye.

Ri kadadiniyan kita patra-bhuta yogya warahen ri sanghyang Dharma Mantra-Naya.

Atitaye i sambuddhah,  tatha cewa pya nagatah,
[1b] pratyutpanasca ye nathah,  tisthanti ca jagaddhitah.

Bhathara Hyang Buddha sang atita, sang mangabhisa BUDDHA nguni ring Asitkala. Kadya-nggan bhathara Wipasya, Wiswabhu, Krakucanda, Kanaka-Muni, Kasyapa. ATITA-BUDDHA ngaran ika kabeh.

Tathace /pya nagatah. /wa

Kunang bhathara Buddha sang anagata, sang abhimuka mangabhisam Buddha. Kadya-nggan bhathara Arya-Metreya-di, Samanta Bhadra-Paryanta, ANAGATA-BUDDHA ngaran ira kabeh.

Pratytpanasca ye nathah.

Tumamma bhathara Sri Sakyamuni, WARTAMANA-BUDDHA ngaran ira. Sira ta pinaka hyang Buddhanta mangke. Sasana nira ikeng tinutakenta.

Tisthantica jagaddhitah.

Tamolah ta sira kuminkin hita suka ning sarwwa-satwa. Umangen-angena kalepasan ikang rat kabeh sakaring sangsara. Duweg kumira-kira padheman ing maha-pralaya rikeng bhuwana.

[2a] Tesca sarwwe rimam bajram,  jnya twa mantra widhim param,
prapta sarwwjnya tawireh,  todhi mulehya laksana.

Sira katiga bhathara hyang Buddha ngaran ira: SANG ATITA, NAGATA, WARTAMANA. Tan ana margga nira waneh, ar tinamwaken ikang kahyang Buddhan.

[2a] Jnya twa mantra widhim param.

Iking Mahayana MAHAMARGGA tinutaken, pinaka margga nira ar dhatang rikanang NIRBHANA-NAGARA.

Prapta sarwwajnyata wireh, bodhi mulehya lakasana.

Hinak ni de ni gumoga iking Mantra-Naya, yata dhatang yar temwaken KASARWWAJNYAN. Yata etu nirar pangguhaken ikang KAHYANG BODDHAN ring BODDHI-MULA.

Mantra prayoga matulam, yena bhaghnam maha-balam,
[2b] maraseniyam maha-ghoram, Sakya-Singhe nathayyina.

Bhathara Sri Sakyamuni matangyar temwaken kang kamara-wijayan. Sakweh nikanang mara wighna alah de nira: Klesa-mara, Skandha-mara, Mretyu-mara, Dewa-putra-mara. Alah anguyuk ika kabeh de bhathara. Etu nirar wenang umalahaken ikang mara. An anubhawa prabhawa sanghyang samadhi-sakti sanghyang MANTRA-NAYA inabhyasa.

Tasman mati mimam warttam, kuru sarwwajnya taptaye,
grenu bhadra sayan nityam, samyaksa ghretya kalpanah.

Matangyan deyanta: KURU SARWWAJNYA TAPTAYE, aywa ta-lang-alang angen-angenta rike sanghyang Mantra-Naya. Pahapageh den ta gumega sanghyang Mantra-Naya. Yataniyan kapangguha iking wara-warah mami ri kita. Aywa tatan yatna ri wuwus mami.

Samyaksa ghretya kalpanah.

Karyaken tang buddhi sawikalpaka. Ilangaken tang ambek abhiniwe- [3a] sa. Pahenak ta-ngen-angenta aywa sangsaya.

Esa margga warah sriman, mahayana mahodayah,
yenayuyam gamisyanto, bhawisyata tathagatah.

SANGHYANG MAHAYANA MAHAMARGGA iki pintonakna mami ri kita. Pahawas den ta mangrenga.

Mahayana mahodayah.

Yeki awan abener teka ring Swargga-Pawargga. Wenang umehaken ikang KAMAHODAYAN. Mahodaya, nga; ikang wahya dhyatmika suka, ikang kasresthyan, kasugihan, kapamegetan, karatun, kacakrawarttin.

ADHYATMIKA-SUKA, nga: Ikeng lokottara suka hinak tan pawor duhka. AJARAMARANA: Tan katekan tuwa, lara, pati. NANG ANUTTARA WARA SAMYAKSAM BODHI SUKA: Ikang moksa suka. Ika ta WAHYA-SUKA mwang ADHYAT- [3b] MIKA-SUKA, ya ika KAMAHODAYAN, nga. Anung dinadyaken ikeng Mahayana Maha-margga, yan inabhyasa.

Yenayuyem gamisyanto.

Apan ri sedhangniyan apageha den ta gumega ikeng KAMAHAYANAN.

Bhawisyatha tathagatah.

Niyata kita tumemwakena Kahyang Buddhan. Sumaksat kreta ikang

[3b] Yenayuyem gamisyanto.

Apan ri sedhangniyan apageha den ta gumega ikeng KAMAHAYANAN.

Bhawisyatha tathagatah.

Niyata kita tumemwakena Kahyang Buddhan. Sumaksat kreta ikang KALEÐASEN. Ikanang DWAYA-SAMBHARA: Nang jnyana-sambhara, Puniya-sambhara kapangguha ika den ta. Lawan ikang sarbwa-loka namaskreta, kopalambha ika den ta.

Swayambu wo maha-bhagah, sarbwa-loka sya yajnyiyah,
asti nasti byati krantam, akasam iwa nirmalam.

Kadya-ngga ning akasa, an nirmala swabhawa. Alaksana, Awastuka: Tan kawenang tinuduh. Tan ageng, tan adhemit, tan hireng, tan putih. [4a] Byapaka lumra ring dasa-desa. Mangkana lwir nira.

Gambhiram ati-gambhira, mapya tarkya mana wilam,
sarbwa-prapanca rahitam, prapance bhih prapancitam.

Wora maha-gambhira lena sangkarike sanghyang Mahayana Mahamargga sire-ki. GAMBHIRA TI GAMBHIRA: Adalem sangkeng adalem. APYA TARKYAM: Tan kawenang tinarka, salah yan inuha. ANAWILEM: Tar madosa. SARBWA PRAPANCA RAHITAM: Tan katekan de ning sarbwa-prapanca, mwang klesa paklesa: Nang mada, dambha, moha, rajah, tamah. Tan katama ika kabeh ri sira. Tuhu karika, tan paka-wakang mangkana ? Taha wih.

Prapance bhih prapancitam.

Apan ikang raga, dwesa, moha. Prapanca pinaka-wak nika.

Karma kriya wirahitam, satya dwaya anasrayem,
[4b] idham yanawaram srestham, adya syata naye sthitah.

Tan GAWE tan SI MAGAWE pinaka-wak nira. SATYA-DWAYEM: Ta-molah maka rupa ikang Satya-Dwaya, nga. SAM WRETI SATYA: Anung pinaka rupa nira. ANASRAYAM: Tan pandelan. TAN SAMWRETI SATYA: Tan paramatha satya kahanan ira.

Idham yanawaram srestham.

Yeka sinengguh MAHAYANA MAHAMARGGA, nga. Manekaken irikang Swargga Pawargga.

Abhyasya tanaye sthitah.

Yatika bhyasanta sari-sari, mene helem sanghyang Mntra-Naya Mahayana.

ONG Bajrodhaka ONG AH UNG. <u>Iki SAPATA HREDAYA</u>.

Idante narakam wari, samaya ti kramo wahet,
samaya raksanat siddhye, siddham bajra mretodakem.

Wehana kita manah, apan BAJRODHAKA. Ikang bajrodhaka tan we samaniya. We sakeng NARAKA ika. SAMAYATI KRAMO WAHET: Margga ning duhka kapangguha. Bhrastha sakula gotra wandhawa, ya tat pituhwa SAMAYA.

Kalaniyan bharya-bharya rikeng sanghyang Bajrajnyana, SAMAYA RA- /5a/ KSANAT PIDYE. Kunang ri sedhangniyan prayatna, tan pangrapa-rapa ring samaya. Margga ning ayu kasiddhyan kapangguha den ta.

Siddham bajra mretodakam.

Sangksepaniya wisa mreta ikeng BAJRODAKA, wwah-sahing gati nika. Pilih suka, pilih duhka kapangguha. Yat pramada kita, pamangguh duhka. Kunang yan prayatna, awas ikang suka ayu kasiddhyan kapangguha husen. Nguniweh delaha.

| | |
|---|---|
| Bajram ghanthanca mudranva, | tannamandha lino wadet, |
| /5b/ asedwa sreddha wanewa, | janah sangghani kasthitah. |

Aywa kita umara-marahaken ika Sanghyang Bajra Ghantha Mudra ring wang adrestha mandhala, tapwan samayika. Rahasyan kubdhana tah sira. Tan awarah wiryakena irikang wang tapwan KRETOPADESA.

Asedwa sreddha wanewa.

Athawi guyu-guyunta kunang si tan pituhun artha nira. Tan ambekta temen tumarima brata bhathara. Aywa ta mangkana. Yawat tang wang apahasa ri SANGHYANG MARGGA.

Janah sangghani kasthitah.

Awas ikang wang mangkana, kasangsara sadakala. Matahgyan aywa tan tulusa adhi-mukti rike sanghyang Bajrajnyana. Kayatnakena tah SANGHYANG SAMAYA.

| | |
|---|---|
| Ayante samayo bajri, | bajra-satwa iti smretah, |
| awesaya tute newa, | bajra-jnyana manuttaram. |

Sanghyang Samaya ta sira sinangguh BHATHARA BAJRA-SATWA. AWESAYA /6a/ TUTE NEWA: BAJRAJNYANA MANUTTARAM: Sira teki pinaka hredayanta mangke. Bajrajnyana ikung pinaka hredayanta, pahenak ta-mbekta.

| | |
|---|---|
| ONG Bajrasatwah swayante dya, | caksut ghatha natat parah, |
| udghatha yati sarbwakso, | bajra caksuran uttaram. |

Bhathara Sri Bajrasatwa muwah ana ri matanta mangke. CAKSUT GHATHA NATAT PARAH: De nira dumelingakena panonta. Matangya pahabungah ta-mbekta.

| | |
|---|---|
| Udghatha yati sarbakso, | bajra caksuran uttaram. |

Delingaken ta matanta. Pahawas ta panonta ri sanghyang Mandhala.

| | |
|---|---|
| Idanca mandhalam pasya, | sreddhancana yatha dhuna, |
| kule jato si buddhanem, | sarbwa mantrer adhi sthitah. |

Wulati sanghyang Mandhala: IDHANCA MANDHALAM PASYA. SREDDHANJANA /6b/ YATHA DHUNA: Gaweyaken tang sreddha. Aywa tan saghorawa ri sanghyang Mandhala. KULE JATO SI BUDDHANAM: Apan kita Buddha-kula mangke. Apan bhathara hyang Buddha ngaranta mene. SARBWA MANTRER ADHI STHITAH: Tuwi sampun kreta-dhi sthana iki de sang Sarbwa-Tathagata. Inajyan sinangaskara rikang SARBWA-MANTRA.

Sampado bhimukah sarbwah, siddha yogata yascate,
/6b/ palaya samayam siddhye, mantre su dyogawan bhawa.

Aparek tekang ayu ri kita. SIDDHA YOGATA YASCATE: Samangkana ikang kasiddhyan ABHIMUKA ika kabeh. Agya kapangguha den ta. PALAYA SAMAYAM SIDDHYE: Lekas ta umabhyasa sanghyang Samaya, marapwan katemu ikang kasiddhyan husen den ta. MANTRE SU DYOGAWAN BHAWA: Gaweyaken tang utsaha ring Mantra, Japa, Puja husen. Aywa helem-helem, yataniyan kopalambha ikang kasugatin irikeng i ajanma nguniweh delaha.

ING ONG Bajra Netra ya, ara-ara patalam hredi.
/7a/ Ajnyana patalam watsa punam iji nestawa
sala kerwedya rajendreh yatha loka syate miram.

Kalinganiya: Pahenak ta-mbekta. Huwus ilang ikang AJNYANA PATALA ri hatinta, binabadan de bhathara Sri Bajradhara. SALA KER WEDYA RAJENDREH: YATHA LOKA SYATE MIRAM: Kadya-nggan ikanang wang lara-mata putiken. Ramun mataniya tinamwan taya de sang wedya cinelekan mataniya. Waras teka mataniya hening. Menak panoniya wekasan ri ilang nikang kawaka mala DYUPADRAWANIYA. Mangkana teking AJNYANA PATALAN yan ilang tutas, tan pasesa sampun binabadan de bhathara. Matangyar pahenak ta angen-angenta. Aywa sangsaya.

Pretiwi mwa sama dharma, accah suddha hyana wilah,
/7b/ agra hyang abhila pyasa, etu karma samudbhawah.

Pahawas den ta mulati ikang SARBWA DHARMA. Tan ana pahiniya lawan maya ring darpana rya-wakta. Was akara rupa nikanang maya ring darpana. Ndatan kawenang ginamel. Apan TAN ANA tatwaniya. Mangkana teking sarbwa-bhawa, nguniweh janma-manusa. ETKA-KARMA dumadya- /U ken ike. Matangniya kadi katon matra-matra, kintu tan ana temen-temen.

Ewam jnya twa iwan dharman nis-swabhawan swa-bhawilan
kuru satwartha matulam jato Ora satayinam.

Pahawas den ta gumega MAYOPAMA ni sarbwa-dharma. NIS SWABHAWAN NANA WILAN: Aywa tang pungkunga nis-swabhawa iking sarbwa-bhawa. KURU SATWARTHA PATULAM: Gaweyaken tang kapararthan husen. YATO ORA SATAYINAM: Apan kita mangke! Jinorasa haranta, anak bhathara hyang Buddha. Matangyan aywa tatan sarambakata ring KUSALA-KARMA, mwang /8a/ angingking parartha.

Bajrasatwah prakretye, awacca suddhah anawilah,
hreddhi tisthati tewatsa, sarbwa Buddha dipah swayam.

Pahenak ta-ngen-angenta. Bhathara Bajrasatwam ing asthula nira ri hatinta. Bhathara Bajrasatwa ngaran ta sira. ACCA SUDDHA YA BHAWILAH: Suddha swabhawa sira, tan anang Raga, Dwesa, Moha ri sira. Tuwi ta pinaka PRADHANA Sang Sarbwa Tathaghata sira. Pinaka hatinta sira mangke, margga ning PUNIYA. JNYANA SAMBHARA kapangguha den ta don ira ana. Aywa ta sandeha.

/8a/ Adya prabhreti loke sya, cakram warta yatahinam,
sarbwa tra purya wimalam, dharma sangkam anuttaram.

Mene tamwayanta. CAKRAM WARTA YATAHINAM: Uminderaken dharma-cakra bhathara Sri Bajradhara rikang sarbwa-satwa. SARBWA TRA PURYA /8b/ WIMALAM, DHARMA SANGKA MANUTTARAM: Kunang deyatna ibek i yabi, penuhi teking Dasa-Dig-Ananta paryanta sakala loka-dhatu. Kapwa ibekananta dharma-sangka ika kabeh.

Nahetra wimatih karya, nir wisangke nacetasa,
prakasaya maha tulam, mantra carya nayam param.

Aywa kita wicikitsa. NIR WISANGKE NACETASA: Ikang nis-sandeha atah ambekanta. PRAKASA YA MAHA TULAM, MANTRA CARYA NAYAM PARAM: At pintonakna ike sanghyang Mantra-Naya Mahayana.

Ewem kreta-jnyo Buddhanem, upakaram tigiyate,
teca bajra dharah sarbwe, raksan titawa sarbwasah.

Apan ikang wang kadi kita, huwus kreta-sangskara ri bhathara. Magawe puja wisesa ring bhathara hyang Buddha. UPAKARI TIGIYATE: Ya ika sinanggah sampu maweh upakara ri bhathara ngaran ikang wang mang- /9a/ kana. TECA BAJRE DHARAH SARBWE, RAKSAN TITAWA SARBWASAH: Kopakaran pwa sira den ta. Rena ta-mbek nira. Yata matangniya(rak) yatna rumaksa kita ring rahina wengi. Sakwanta, saparanta, sagawenta, at kita kinayatnaken de nira. Ri wruh nira an sampun kopakaran den ta. Ya matangniya aywa wiwikitsa. Apan ana bhathara Sri Bajrasatwa, pinaka ATMA-RAKSANTA sira.

Nasti kinci dakartabyem, prajnyo-paye na cetasa,
nir wisangkah sada bhutwa, prabhukswa kama pancakam.

Nora gawe anung tan kawenanga gaweyan. Ta yadyapin Tri-Bhuwana duskara lwiran ing karma. Tan kawenanga ginaweya de sang sring Swargga, Manusya, Patala. Ikan mangkanaha duskara nikang karma. Kawenang ika taya ginawe den ta. PRAJNYO-PAYE NA CETASA: Ata ambekakenanta. /9b/ NIR WISANGKAH SADA BHUTWA: Lawan tan kahilangana atah kita irikang nis-sandeha citta sada kala. PRABHUKSWA KAMA PANCAKAM: Pari-bhoganta PANCA-KAMA guna den ta. Salwir ning kawisayan aywa pinilihan pari-bhoganta kabeh den ta. Apan don ing kadi kita sadhaka, ndan aywa tah tan paka-mbek ikang NIS-SANGSAYA.

Yatha i winayam panti, Boddhi-satwasca bhawatah,
tathahi sarbwa satwarthem, kurya draga di bhissucih.

Kadya-nggan bhathara Sikasa Boddhi-Satwa Maha-Satwa, an ambek temen sira gumega i sanghyang Mantra-Naya. Ambek tementa ngaraniya: Kumingkinga kaparamarthan. Tan kalepanana de ning klesa. Tan kapalitana de ning raga dwesa moha.

/9b/ Yecaniyesa maya dwisthah, sayam bhrasthah yejanah,
maranam yah prayatnena, Buddha-sasana palane.

Ana wang dwesa ri sanghyang Samaya, melik ri sanghyang Mantra-Naya. SAMAYA BHRASTHAH YEJANAH: Ana wang SAMAYA BHRASTHAH wih sampun /10a/ kreta-samaya, manadhah upadesa. Apa kunang wiwartika taya wekasan. Kinasampeyaniya ta sang guru, inupetniya sira. MARANIYAH PRAYATNENA: Tan pahi kang wang mangkana SAMAYA DWISTHA mwang SAMAYA BHRASTHA, kinonaken ika pejahana. Tan pategwakna de bhathara. BUDDHA SASANA PALANE: Yataniyan karaksa sasana bhathara Hyang Buddha, lawan katwangana sanghyang Samaya. Mangkana phalaniyan patyana ikang Samaya wi dwesa-di.

Drestham prawistham paramam, rahasyat kama mandhalam,
sarbwa-paper winir mukta, bhawanto dyewa suddhitah.

Pahenak ta-mbekta arah. Sampun prawistha-mandhala ngaranta mangke, tumama ri sanghyang Parama-Rahasya. Kunang dejanta pahawas wulat ta rike sanghyang Mandhala. SARBA PAPER WINIR MUKTAH: Kita pwa /10b/ sampun tumama ri Mandhala, winarah ri lawa-lawan ikang rahasya. Matangyan ilanga sakweh ning papanta, alilanga kadi winasehan. Ilang samulon mulati. BHAWANTO DYEWA SUDDHITAH: Pahenak ta-mbekta, aywa sangsaya.

Nabhuyo ramanam bhosthi, yana dasmat maha-suka,
tawresyasca pya wandyasca, ramadhwa makuto bhayah.

Kita wiwartika. YANA DASMAT MAHA-SUKAT: Sangkari keng Mantra-Naya, ila-ila wang kadi kita wiwartika ri sanghyang Margga. ADREWYASCA PYA WANDYASCA: Kunang ri sedhengniyat prayatna umabhyasa sanghyang Mantra. Awas ikang ayu kasiddhyan kapangguha den ta. Tan kawenang inulah-ulah de ning mara tirwika-di. RAMADHWA MAKUTO DAYAH: Matangniya pahenak ta-mbekta, aywa siga-sigun. Tulusakna prati-patinte ri sanghyang Mantra.

Ayam wah satatam raksyah, siddha samaya sambarah,
/11a/ sarba-buddha samah mproktah, ajnyam parayasa swatim.

Prayatna tah kita rumaksa sanghyang Samaya. Aywa tan enget ing kundhang rahasyana tah sira den ta. Wruha ta kita rikang yogya warahen ri sanghyang Samaya. Aywa ta dinadhi kawanganiya, ambekniya, ulahniya, maryadaniya. Kunang pwa yan tuhu-tuhu sreddhaniya. Acedya bhedya ri sanghyang Mantra. Irika ta kita dwarahaya ri sanghyang Rahasya. Aywa sangsaya, aywa kundul-kundul amarahaken ri sanghyang Samaya rikang ADI MUKTIKA SATWA.

SARBWA BUDDHA SAMAM PROKTAH: Apan sampun kita kreta-nujnya ta de sang Sarbwa Tathaghatha. Inanumodha de bhathara, umintonakena sanghyang Samaya. AJNYAM PARAYASA SWATIM: Ika iko ta tibaniya nujnyata bhathara. Sumiddhakena sapakon Sang Sarbwa Tathaghatha.

/11b/ Bodhi cittanta watya jyam, yad bajra miti mudraya,
yasyotpade kamatrena, Buddha ewa na sangsayah.

Sanghyang Boddhi citta tan tinggalakna den ta. Boddhi-citta, nga: YAD BAJRA MITI MUDRA YA: Sanghyang Bajra sira Boddhi-citta ngaran ira, lawan sanghyang Mudra. YASYOT PADE KAMA TRENA: De nika karanan sanghyang Bajra lawan Mudra. BUDDHA EWA NA SANGSAYAH: Hyang Buddha kita delaha, kasaksat kreta ikang kalepasen den ta, ri sedhangniyat prayatna ri sanghyang Bajra-ghnatha mwang Mudra.

Saddharmona pratikse pyah, natya jyasca kadacana,
ajnyana datha mohadwa, nawewi wrenu yastatah.

Tan tulaka sanghyang Dharma. NATYA JYASCA KADACANA: Lawan tan tinggalakena sira. AJNYANA DATHA MOHADWAN, AWEWI WRENU YASTATAH: Tan dadi wang kadi kitaumiwarane sanghyang Sad-Dharma, sangkaring AJNYANA lawan KAMOHAN. Matangyan aywa mangkana. Larangan ikang wang Man- /12a/ tra-Naya Mahayana-Nuyi, umiwarana sanghyang SUTANTRA.

Swamatmanam parityajya, tapo bhirnati pidayet,
yatha sukam sukan dharyam, sambuddheya managatah.

Swa-kaya nir-apeksa tah. Kita aywa treena ring awak. TAPO BHIRNATI PIDAYET: Aywa pinasakitan ring tapa, aywa wineh gumaweyaken kawenanganiya. YATHA SUKAM SUKAN DHARYAM: Yatha suka tah lwirantat gaweyakenang BODDHI-MARGGA. SAMBUDDHEYA MANAGATAH: Aywa gya hyang Buddha kita delaha.

Bajrem ghanthanca mudranca, nasantya jya kadarcana,
acaryo nawamanta byah, sarwwa-buddha samo hyaso.

Sanghyang Bajra-Ghantha mwang Mudra, aywa kari sira den ta. Sakwanta saparanta kundhangen ta sira. ACARYO NAWA MANTRA BYAH: Lawan ta /12b/ waneh tan gaweyakenang GURU DROWAKA. Tan wenang ika wang awamana ri dhang-acarya. Matangyan tan kawamana sira den ta. SARBWA BUDDHA SAMO HYASO: Sarbwa Buddha sama sira. Padha lawan bhathara hyang Buddha kabeh.

Yasca wamaniye dacaryam, sarbwa-buddha samam gurum,
sarbwa-buddha wamanena, nityam duhka mawa pnuyat.

Apan ikang wang awajnya, awamana, masampe guru: SANITYAN DUHKA MAPNUYAT: Ya ika mulih ring Naraka, tiba ring Kawah Sang Yama. Pinaka itip ning Tambra-Gohmuka. Mangkana papa ning wang awamana maguru.

Tasmat sabbwa prayatnena, bajra caryam maha gurum,
pracanna wara kalyanam, nawa maniyet kadacana.

Aywa tan prayatna maguru, yadyapin angemasana. PRACANNA WARA KALYANA: Ika gurunta tan katona ayu nira, guna nira den ta. Ikan samangkana. NAWA MANIYET KADACANA: Tan awamana ta kita ri sira. Apan mahapapa maha-duhka ikang tan atwang maguru. Matangniyan wara-pyatna tah ri kabyapara sang guru.

/13a/ Nityam swa-samayah sadhyo, nityam pujya stathaghathah,
nityanca guru dheyem, sabwa-buddha samo hyaso.

Aywa kaluban kita gumaweyakena sanghyang Samaya. NITYAM PUJYA STATHAGHATHAH: Lawan saswata kita gumaweyakenang Tathaghata-Puja. NITYANCA GURU WE DHEYAM: Nityasa kita gumaweyaken guru-susrusa, umyapara sang guru. SARBWA BUDDHA SAMA HYASO: Apayapan sarbwa-Tathaghata, sama sang guru ngaran ira. Matangyan kita pagaweyakenanta susrusa.

Dattesmin sarbwa-buddhe byo, dattam bhawati caksayam,
taddhanat puniya sambharah, sambharat siddhir uttama.

Apan ikang wang kadi kita, gumaweyaken ikang GURU SUSRUSA. Wa- /13b/ neh upahara diri Dhang-Guru. Yeka pangipuk dhana-sambhara ri bhathara hyang Buddha ngaraniya. SAMBHARAT SIDDHIR UTTAMA: Ri kapangguhan ikang Puniya-Sambhara, ya dumeh rikang kasiddhyan sulabha ri kita. Ri prayatnanta ri KAGURU SUSRUSA.

Nityam swa-samaya waryam, pranera pinijer bhaye,
tadeyeh putra darerwa, kimpunar wibhawescaleh.

Urip tuwi tinarimaken ri Dhang-Guru, gumaweya kabyapara nira doniya. ADEYEH PUTRA DARERWA: Astam ikang anak rabi inarpanaken ika kabeh i Bharala-Guru, dasa-bhuta, hulunan ira, umyapara ri sira pakenaniya. KIMPUNAR WIBHAWESCALEH: Aywa ta winuwus ikang drewya ngaraniya. Kadya-ngga ning mas manik, dodot, pirak. Pinujaken ika kabeh i Dhang-Guru.

Yasmat sudurlabhem nityam, kalpa sangkye yakothi bhih,
/14a/ Buddha-twam udyoga wate, dadati ewa janmani.

Apan ikang Kahyang Buddhan atyanta parama-durlabha kteka. Yadyapin: KALPA SANGKYE KOTHI JANMA: Lawasa ning wang gumaweyakenang kusala mula dhana paramitha-di, sumadhyang Kahyang Buddhan. Ikan mangkana tan niyata kapangguha. Sangkari durlabha nikang KALEPASEN ngaraniya.

Buddha-twam udyoga wate, dadati ewa janmani:

Ikang Kahyang Buddhan yateka winehaken de Bharala-Guru, irikeng janmanta mangke. Nghing hinganani gengniya nugraha nira ri kita. Matangniya tan tan alang, tan lundhu, tan welang-weluten, agenanganta an pujaken uripta mwang anak rabinta ri Dhang-Guru.

Adyawah saphalan janma, yadasmin putra tisthitah,
/14b/ samah samahi dewana, madyajatah swayambhawah.

ADYAWAH SAPHALAN JANMA, YADASMIN SUPRATI STHITAH: An paka sarana sanghyang Samaya. SAMAH SAMAHI DEWANA, PADYA JATAH SWAYAM BHAWAH: Apan awak hyang Buddha mangke husen. KARATALA BYAWASTHITA: Ikang Kahyang Buddha-Twan ri kita. Kagem kamusthi ikang KALEPASEN den ta.

/14b/ Adya bhisikta yusmantah, Sarbwa-Buddheh sarbwa-jribhih,
tre-dhatuka maharajye, raja dhipatayah sthitah.

Pahenak ta-mbekta. Sampun kreta-bhiseka kita de Sarbwa-Tathagata, lawan Sang Sarbwa-Tathagati. Ngaran ikang abhiseka tinarimanta, CAKRA-WARTYA-BHISEKA ngaraniya.

Abhyamaram winir-jitya, prawisthah paramam puram,
prapta madhye wa Buddha-Twam, bhawad bhirna tra sangsayah.

Atha salah nikang mara karma den ta. PRAWISTHAH PARAMAM PURAM: Niyata ikang Nirbhana-Pura katekan den ta mangke. PRAPTA MADHYE WA /15b/ BUDDHA TWAM: Kapangguha niyata nikang KAMOKSAN den ta ring janmanta mangke. BHAWAD BHINA TRA SANGSAYAH: Pahenak ta-ngen-angenta, aywa sangsaya.

Iti kuruta manah prasada bajram swa-samayam kaksaya sokya dambha jadhwam jagati laghu suketi Sarbwa-Buddha prati samaçça swati tanggata bhawantah.

Matangniya tulusaken ta sreddhanta, pahapageh ta manahta. Maka margga Sanghyang Mantra-Naya Mahayana.

Swa-Samaya maksaya sokadam bhaja dhwam: Ati-kasta rumaksa sanghyang Samaya. Apan sira wenang umehaken ikang UNUTTARA SUKA.

Jagati laghu suketi Sarbwa-Buddha prati samaçça swati tanggata bhawantah: Apan ikeng janma manusya ngaraniya. Akedhik sukaniya. Ya- /15b/ taniyat pangguhakena Kahyang Buddhan. Padha lawan Sang Sarbwa-Tathaghata. Matangyan lekasa umabhyasa sanghyang Samaya. Gumaweyakena sanghyang Mantra-Naya Mahayana. Aywa pramada kita, kayatnaken temen-temen. Yataniyan sulabha ikang kasiddhyan kapangguha den ta. o .

- PUPUT -

Katuriksa olih: Ida Bagus Nyoman Rai.

(Ida Bagus Nyoman Rai).

Iti SANGHYANG KAMAHAYANAN, samapta. Puput kasurat ring Geria Pidada, Sidemen, Karangasem. Duk tanggal 14 Agustus 1975. Yusa ning bhumi.-